## Foto Jalan Tanjakan Cikondang








**Foto Ibu-ibu jeung Bapa-bapa anu ilubiung dina nataharkeun upacara Hajat Lembur**









Foto bahan-bahan pikeun nyieun Sawén



Foto sababaraha kalengkepan upacara Hajat Lembur



**Foto Kagiatan Prakna Upacara Hajat Lembur**

















**Foto Kagiatan Pasca Upacara Hajat Lembur**















# RIWAYAT HIRUP



Ngaran kuring Rinie Mutia Widaningsih, nénéhna Rinie atawa Orin. Anak ti pasangan Bapa Cecep Darmono jeung Mamah Heyi Rochaeni. Gubrag ka alam dunya di Kampung Adat Cikondang ping 11 Januari 1994. Kuring boga lanceuk jeung adi lalaki, nya éta Agis Setiawan jeung Faldi Adam Wibiksana.

Kuring namatkeun SD di SDN Lamajang III lulus taun 2006, sanggeus kitu nuluykeun ka SMPN 1 Cimaung, lulus taun 2009, jeung nuluykeun ka SMAN 1 Soreang, lulus taun 2012. Mimitina mah kahayang téh nuluykeun kuliah ka jurusan Keperawatan, tapi kolot teu ngijinan, nu ahirna milu SMNPTN jalur tulis, Alhamdulillah katarima di UPI jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, taun 2012. Milih jurusan Basa Sunda téh teu leupas tina geus biasana hirup kumbuh di masarakat anu masih kénéh tuhu kana aturan adat-istiadat anu aya di lembur, ti dinya kuring aya kereteg pikeun asup ka jurusan Basa Sunda, sangkan leuwih wanoh deui jeung leuwih mikacinta kana basa jeung budaya Sunda.

Salila sakola kuring aktif di sababaraha organisasi, di antarana OSIS SMPN 1 Cimaung jadi Ketua Subbid 4, di Pranata (Peran, Rupa, Nada, dan Tari) kuring kungsi jadi Ketua awéwéna, kitu deui di SMA, kuring aktif di organisasi Karawitan, Mading, jeung olahraga Panahan. Kuring kungsi dilélér layang pangajén salaku Murid Tauladan SDN Lamajang III taun 2003, kungsi milu Pasanggiri Maca Sajak Sunda sa-Kabupatén Bandung dina raraga Milangkala Kabupatén Bandung taun 2011 jeung jadi pinunjul ka 2. Lian ti éta kuring kungsi ilubiung dina Panitia Pelaksanaan Porda taun 2010 di Kabupatén Bandung, dina cabang olahraga Panahan sanajan ngan jadi *Scorrer*. Nalika kuliah kuring teu milu kapangurusan di BEM HIMA PENSATRADA, najan kitu, kuring miluan Lisénda ogé sok milu jadi kapanitiaan nalika aya acara di jurusan, contona waé nalika Mitra Sunda taun 2013 jeung 2014, kuring milu di Divisi Évaluasi jeung dina acara Riksa Budaya Sunda taun 2013 jeung 2014, kuring milu di Divisi Pupuh. Di luar jurusan, kuring jadi anggota di UKM IBAF.